



SANT KI BAY LISANS NAN DEPATMAN AFÈ KONSOMATÈ
[DEPARTMENT OF CONSUMER AFFAIRS (DCA) LICENSING CENTER]
42 Broadway | New York, NY 10004
Lendi-Vandredi: 9:00 a.m.-5:00 p.m. | Mèkredi: 8:30 a.m.-5:00 p.m.
Telefòn: 311 (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
nyc.gov/consumers | @NYCDCA

GID EGZAMINASYON MODÈNIZASYON KAY

Depatman Afè Kliyan [Consumer Affairs (DCA)] Vil New York bay lisans pou tout biznis modènizasyon kay ak moun ki fè travay modènizasyon kay oswa ki negosye oswa ki ofri pou negosye yon kontra pou modènizasyon kay. Pou resevwa swa yon lisans antreprenè oswa yon lisans vandè, ou dwe pase yon egzamen DCA bay pou teste si ou konprann lalwa. Gid sa a ap ede ou prepare pou egzamen an, men li pa konsène tout lwa ak règ enpòtan ou bezwen konnen yo. Moun ki resevwa lisans yo dwe konfòme yo avèk tout lwa ak règ enpòtan, tankou Lwa sou Pwoteksyon Konsomatè (Consumer Protection Law). Pou jwenn yon kopi lwa konsènan kategori lisans sa a, rele 311, oswa ale nan Sant Distribisyon Lisans DCA (DCA Licensing Center), oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/consumers.

Tès la konsène:

- I. Prensip Debaz Lwa Vil la sou Biznis Modènizasyon Kay
- II. Kontra ak Anilasyon
- III. Pratik Reklam ak Lavant
- IV. Konesans Jeneral nan Endistri ak Biznis

Akwonim

- DOB** Department of Buildings (Depatman Konstwiksyon)
DCA Department of Consumer Affairs (Depatman Afè Konsomatè)
DOT Department of Transportation (Depatman Transpò)

I. Prensip Debaz Lwa Vil la sou Biznis Modènizasyon Kay

Kisa “modènizasyon kay ye”?

Modènizasyon kay vle di konstwiksyon, reparasyon, ranplasman, remodlaj, chanjman, konvèsyon, reyabilitasyon, renovasyon, reparasyon, modènizasyon, oswa adisyon pyès kay nan nenpòt teren oswa bilding oswa nenpòt pati teren oswa bilding kote moun abite oswa ki deziyen pou moun itilize kòm yon adrès oswa kote pou abite, tankou sousòl, espas pou estasyon machin, kloti, garaj kay, peyizaj, patyo, galri, twotwa, pisin, ak teras. Modènizasyon kay gen ladan, pami lòt bagay yo, enstalasyon:

- Chofaj/è-kondisyon santral
- Sistèm santral netwayaj avèk aspiratè
- Kont-Fenèt
- Ovan
- Sistèm kominikasyon

Kisa “modènizasyon kay” pa ye?

Men kèk egzanp sa nou *pa* konsidere kòm modènizasyon kay:

- Konstwiksyon yon nouvo kay oswa bilding
- Lavant machandiz oswa materyèl anrapò avèk enstalasyon oswa aplikasyon machandiz oswa materyèl
- Travay ki fèt nan yon kay leta oswa minisipalite a posede oswa kontwole
- Penti oswa dekorasyon yon bilding, yon rezidans, yon kay, oswa yon apatman, lè li pa gen pou wè ak travay modènizasyon nan kay

Kisa yon “antreprenè” ye?

Yon antreprenè se nenpòt moun ki posede, opere, konsève, fè, kontwole oswa negosye yon biznis modènizasyon kay epi ki angaje oswa dakò pou fè nenpòt modènizasyon kay, kit antreprenè a se antreprenè prensipal oswa soutretan a parapò ak pwopriyete a. Yon antreprenè ka se yon moun, yon antrepriz, yon konpayi, yon patenarya oswa yon sosyete.

Kisa yon “kontra pou modènizasyon kay ye”?

Yon “kontra pou modènizasyon kay” se yon akò, kit alekri kit li pa alekri, ant yon antreprenè ak yon kliyan oswa lokatè pou fè yon modènizasyon kay, epi li gen ladan tout mendèv, sèvis ki pou fèt ak materyo ki pou bay.

Kisa yon “vandè” ye?

Yon vandè se yon moun ki negosye yon kontra modènizasyon kay avèk yon kliyan oswa yon lokatè, oswa ki mande yon pwopriyete oswa lokatè kontra modènizasyon kay.

Kimoun ki dwe gen yon lisans DCA?

Nenpòt moun ki mande, ki fè demachaj, fè, oswa jwenn yon kontra pou modènizasyon kay kòm yon antreprenè oswa yon vandè dwe gen yon lisans DCA.

Kimoun ki pa bezwen yon lisans DCA?

Moun ki endike anba la yo pa bezwen yon lisans DCA:

- Yon anplwaye endividyèl ki pa ni mande ni negosye kontra sou non antreprenè a
- Yon moun k ap fè yon djòb modènizasyon kay, ki vo pi piti pase \$200 dola
- Plonbye ak elektrisyen ki pa fè okenn travay modènizasyon kay
- Achitèk ak enjenyè ki travay sèlman nan limit sa yon achitèk oswa yon enjenyè kapab fè

Ki kote mwen dwe poste lisans Antreprenè Modènizasyon Kay mwen?

Ou dwe poste lisans ou nan biwo ou kote tout kliyan yo kapab wè li oswa ou dwe montre li ba kliyan yo si yo fè demann lan.

Kisa mwen dwe fè sizoka gen yon chanjman nan adrès biznis mwen, chanjman pwopriyete, chanjman direksyon, oswa chanjman non komèsyal biznis lan?

Nan 10 jou apre yon chanjman nan non komèsyal oswa adrès, pwopriyete oswa direksyon biznis la, ou dwe voye yon avi ba DCA pou sa.

Kijan yon moun jwenn yon lisans oswa kijan yon moun renouvle yon lisans?

Ou dwe soumèt yon aplikasyon ba DCA pou yon nouvo lisans oswa pou renouvle yon lisans. Yon lisans apa Antreprenè Modènizasyon Kay obligatwa pou chak kote ou fè biznis.

Ou kapab aplike pou yon nouvo lisans nan Sant Distribisyon Lisans DCA (DCA Licensing Center) nan 42 Broadway, New York, NY 10004 oswa sou entènèt nan sitwèb www.nyc.gov/consumers.

Apre twa (3) mwa anvan lisans ou ekspire, DCA ap voye yon blòk dokiman renouvèlman lisans ba ou. Ou kapab renouvle lisans lan pa lapòs, fas-a-fas nan Sant Distribisyon Lisans DCA (DCA Licensing Center), oswa sou entènèt nan sitwèb www.nyc.gov/consumers.

Ki devwa ak responsablite yon antreprenè prensipal?

1. Antreprenè prensipal la dwe jwenn tout pèmi, lisans, Sètifika Okipasyon ki nesèsè, oswa egzansyon ki nesèsè pou egzekite kontra a dapre lwa leta ak lwa lokal sou konstwiksyon.
2. Chak antreprenè modènizasyon kay dwe konsève kopi kontra, liv kont, ak lòt dosye ki montre tout tranzaksyon ki gen pou wè ak biznis modènizasyon kay pandan sis (6) ane oswa pou dire tan nenpòt garanti kontra a, kèlkeswa sa ki dire plis tan.
3. Antreprenè modènizasyon kay la dwe itilize tout lajan li resevwa pou fè depans ki gen pou wè dirèkteman ak modènizasyon kay la. Antreprenè a pa ka itilize lajan li resevwa pou fè depans ki pa gen pou wè ak modènizasyon kay la, sof si modènizasyon kay la fini epi tout depans pou mendèv dirèk, materyo, ak soutretan ki gen pou wè ak modènizasyon kay la te fèt.
4. Okenn travay pa ta dwe fèt epitou okenn lajan pa ta dwe peye jouk apre peryòd anilasyon 3 jou a.

Yon antreprenè pa kapab:

1. Abandone oswa pa fè travay la.
2. Bay nenpòt gwo manti pou mande yon kontra pou modènizasyon kay.
3. Fè fwod nan egzekisyon yon kontra, prè ipotekè, biyè-a-òd.
4. Pibliye nenpòt reklam ki gen fo enfòmasyon, enfòmasyon ki bay manti oswa ki twonpe moun.
5. Vyole lwa sou konstwiksyon, lwa sou enstalasyon sanitè, lwa konsènan dife, ak lwa sou sante.
6. Pa fè DCA konnen pwopriyetè ak direksyon biznis lan chanje.

7. Fè biznis modènizasyon kay sou nenpòt non ki pa non ki gen lisans lan.
8. Aji kòm yon ajan, fè reklam, oswa fè pwomosyon, oswa fè aranjman pou yon prè sou kay, oswa pou prè pou modènizasyon kay pou kliyan an.

Èske yon antreprenè dwe bay yon kliyan yon estimasyon alekri?

Wi, si kliyan an mande youn. Ou kapab fè kliyan an peye yon frè pou estimasyon an, men ou dwe fè kliyan an konnen frè a anvan ou bay estimasyon an, epitou ou dwe mete ak repati frè a nan pri kontra total ou estime a.

Ki sanksyon ki genyen pou fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki gen fwod?

Yon antreprenè oswa yon vandè ki bay manti ka gen pou peye amann ki ka rive jiska \$500 dola pou chak fo enfòmasyon apa. Answit, si yon kontra fèt apre yon antreprenè bay fo enfòmasyon, yo ka deklare kontra a nil ak san valè, epi antreprenè a ka resevwa lòd pou peye restitasyon ba kliyan an.

Ki sanksyon ki genyen pou operasyon yon biznis modènizasyon kay san yon lisans?

Si yon moun posede oswa opere yon biznis modènizasyon kay san yon lisans oswa apre yo sispann oswa anile lisans li, moun sa a koupab yon deli epi yo ka pouswiv li kòm kriminel nan lajistis, epitou lajistis ka mete li nan prizon pou apeprè 6 mwa, epi/oswa li la gen obligasyon pou peye yon amann \$1,000 dola. Chak vyolasyon se yon zak apa. Answit, yo ka pouswiv moun sa a nan lajistis sivil, li ka gen pou peye amann \$100 dola pa jou poutèt l ap fè aktivite san lisans oswa poutèt li ede ak ankouraje yon moun oswa yon biznis ki pa gen lisans. Finalman, DCA kapab kadnase (fèmen) epi sezi (pran) zouti ak kamyon moun nan itilize anrapò avèk travay modènizasyon kay san lisans.

II. Kontra ak Anilasyon

Nan ki fòm yon kontra pou modènizasyon fèt pou ye?

Chak kontra pou modènizasyon nan kay fèt pou alekri, epi tout moun ki konsène dwe siyen kontra a. Ou dwe bay kliyan an yon kopi kontra a ki konplè ak fasil pou li nan moman siyati kontra a epi anvan ou fè nenpòt travay. Kontra a fèt pou nan Anglè òdinè, sof si ou te itilize yon lòt lang nan nenpòt prezantasyon aloral (pale), nan ka kote ou dwe ekri kontra a nan lang sa a ak Anglè.

Si yon kliyan vle plis travay fèt anplis sa ki endike nan kontra orijinal la, kisa yon antreprenè ta dwe fè?

Antreprenè a ta dwe bay yon amannman alekri nan kontra a, epi kliyan an ak antreprenè a dwe siyen kontra ki amande a.

Ki enfòmasyon yon kontra modènizasyon kay dwe genyen?

1. Dat tranzaksyon an; non antreprenè a, adrès biwo li, nimewo telefòn li, ak nimewo lisans DCA li; epiou non vandè a ak nimewo lisans DCA.
2. Dat estime lè travay la pral kòmanse ak lè yon gwo pati ladan ap fini, tankou yon deklarasyon nenpòt sa ki ta chanje dat ki estime pou travay la fini.
3. Deskripsyon travay ki dwe fèt la, materyo yo dwe bay, ak frè pou mendèv ak materyo.
4. Avi pou pwopriyetè kay la ki endike si pwopriyetè kay la pa peye antreprenè a oswa soutretan a, antreprenè a oswa soutretan a ka fè yon reklamasyon kont pwopriyetè kay la.
5. Avi pou pwopriyetè kay la ki endike antreprenè a gen obligasyon legal pou depoze tout peman li resevwa anvan travay la fini oswa antreprenè a dwe depoze yon kosyon oswa yon kontra dedomajman avèk pwopriyetè kay la ki garanti l ap retounen peman an kòrèkteman anba kontra a.
6. Kalandriye peman yo ak travay/sèvis ki dwe fèt la si kontra a mande peman-pa-vèsman.
7. Nenpòt enfòmasyon ki endike nan reklam, tankou frè, pwomès oswa garanti, dwe endike aklè.
8. Kontra a dwe fè kliyan an konnen antreprenè a dwe ba yon Sètifika Asirans Konpansasyon Travayè anvan kòmansman travay la.
9. Kontra a dwe fè kliyan an konnen antreprenè a ap bay tout pèmi ki obligatwa anba lwa lokal.

10. Kontra a dwe gen ladan deklarasyon ki endike anba la a dirèkteman anlè liy siyati a:

“OUMENM, ACHTÈ, OU KA ANILE TRANZAKSYON SA A NENPÒT KILÈ ANVAN MINWI TWAZYÈM JOU OUVRAB LA APRE DAT TRANZAKSYON SA A. GADE FÒM AVI POU ANILASYON KI ANEKSE A POU JWENN YON EKSPLIKASYON SOU DWA SA A.”

Deklarasyon sa a fèt pou an **karaktè gra**, epi gwosè lèt la dwe omwen 10 pwen.

Èske yon antreprenè oswa yon vandè dwe bay kliyan an yon Avi pou Anilasyon apa?

Wi. Nan moman kliyan an ap siyen kontra a, antreprenè a oswa vandè a dwe tache nan kontra ki siyen an de (2) kopi yon fòm apa ki gen tit **“Avi pou Anilasyon.”** Mo ki nan fòm nan dwe an **karaktè gra**, epi gwosè lèt la dwe omwen 10 pwen. Li dwe ekri nan lang Anglè ak nenpòt lòt lang yo itilize pou negosye kontra a, epitou li dwe gen ladan sa ki endike anba la a:

1. Non/adrès antreprenè a
2. Dat tranzaksyon an
3. Dat jouk lè kliyan an ka bay avi pou anilasyon kontra a, EPI
4. Deklarasyon ki endike anba la dwe ladan:

AVI POU ANILASYON

(ANTRE DAT TRANZAKSYON AN)

OU KA ANILE TRANZAKSYON SA A SAN OU PA JWENN OKENN SANKSYON OSWA OBLIGASYON NAN TWA (3) JOU OUVRAB APATI DAT KI ENDIKE ANWO A.

SI OU ANILE KONTRA A, NENPOT PWOPRIYETE KI BOUKANTE, NENPOT PEMAN OU FE ANBA KONTRA A OSWA LAVANT LAN, AK NENPOT DOKIMAN KI KA NEGOSYE OU SIYEN AP RETOUNEN NAN 10 JOU OUVRAB APRE VANDE A RESEVWA AVI POU ANILASYON AN, EPITOU NENPOT ENTERE SEKIRITE KI FET NAN TRANZAKSYON AN AP ANILE.

SI OU ANILE TRANZAKSYON AN, OU DWE METE DISPONIB POU VANDE A LAKAY OU, ANJENERAL NAN BON ETA JAN YOU TE RESEVWA YO, NENPOT MACHANDIZ YO TE POTE BA OU ANBA KONTRA OSWA LAVANT SAA; OSWA SI OU VLE, OU KA RETOUNEN CHAJMAN MACHANDIZ YO SOU DEPANS AK RISK VANDE A.

SI OU METE MACHANDIZ YO DISPONIB POU VANDE A EPI VANDE A PA VIN CHECHE YO NAN 20 JOU APRE DAT OU BAY AVI POU ANILASYON TRANZAKSYON AN, OU KA KENBE OSWA ELIMINE MACHANDIZ YO SAN OU PA GEN OKENN LOT OBLIGASYON. SI OU PA METE MACHANDIZ YO DISPONIB POU VANDE A, OSWA SI OU DAKO POU RETOUNEN MACHANDIZ YO BA VANDE A EPI OU PA FE SA, LE SA A OU GEN RESPONSABLITE POU SATISFE TOUT OBLIGASYON YO ANBA KONTRA A.

POU ANILE TRANZAKSYON SA A, VOYE PA LAPOS OSWA POTE YON KOPI AVI POU ANILASYON SA A KI SIYEN AK DATE OSWA NENPOT AVI ALEKRI BA [NON VANDE A] NAN [ADRES KOTE VANDE A GEN BIZNIS] ANVAN MINIW NAN DAT [DAT LA]

_____.

MWEN ANILE TRANZAKSYON SA A.

_____.

(Siyati Kliyan an ak Dat la)

Èske yon antreprenè oswa yon vandè dwe fè kliyan an konnen aloral dwa li genyen pou anile tranzaksyon an?

Wi. Yon antreprenè oswa yon vandè dwe fè kliyan an konnen dwa li genyen pou anile yon kontra pou modènizasyon kay nan twa (3) jou ouvrab apati dat ki nan kontra a.

Kisa pou mwen fè si yon antreprenè oswa yon vandè pa respekte dispozisyon ki egzije avi aloral (pale) ak avi alekri sou dwa kliyan an genyen pou anile tranzaksyon an?

Jouk lè antreprenè a oswa vandè a respekte kondisyon pou bay avi aloral ak avi alekri sou dwa kliyan an genyen pou anile kontra a, kliyan an ka anile kontra a.

Kisa yon antreprenè ta dwe fè si yon kliyan vle anile kontra a?

Antreprenè a oswa vandè a ta dwe respekte nenpòt avi pou anilasyon ki valab epi li dwe fè sa nan 10 jou ouvrab:

1. Ranbouse tout peman ki fèt anba kontra a.
2. Anile epi retounen lajan ki peye anrapò avèk kontra a.
3. Sispann nenpòt enterè sekirite. EPI
4. Fè kliyan an konnen si antreprenè a gen entansyon vin chèche oswa abandone nenpòt materyo ki ekspedye/livre.

Èske vandè yo bezwen voye avi ba DCA konsènan patwon yo?

Wi. Vandè yo dwe soumèt ba DCA konfimasyon travay yo alekri yo resevwa nan men patwon yo nan 48 èdtan apre yo jwenn travay la.

III. Pratik Reklam ak Lavant

Règ ki endike anba la yo se prensip debaz pou fè reklam pou travay modènizasyon kay:

1. Tout langaj reklam ak lavant dwe gen nimewo lisans DCA bay pou Antreprenè Modènizasyon Kay.
2. Pri ak deskripsyon ki nan reklam yo pa dwe ni bay manti ni twonpe moun.
3. Tit yo pa dwe gen egzajerasyon oswa manti.
4. Yon reklam ki pale osijè “epay” pa kapab vle di kantite lajan ki endike a se pri lavant lan.
5. Deskripsyon ak imaj atik ki nan reklam nan oswa òf yo dwe bay deskripsyon pwodui a avèk presizyon konsènan gwosè, kalite, kantite ak modèl.
6. Nenpòt deskripsyon materyo yo dwe gen presizyon.
7. Lè ou itilize pri oswa kondisyon kredi, yo dwe dekri sa ou ofri a avèk presizyon.
8. Si enstalasyon an fèt pou yon pri siplemantè, reklam nan dwe endike sa aklè.
9. Ou kapab fè deklarasyon tankou “Factory to you” (Biznis dirèkteman avèk faktori a) epi “Buy from manufacturer” (Achte nan manifakti a) sof si ou fè oswa pwodui atik yo toutbon.
10. Ou pa kapab fè pwomès oswa bay garanti “avi”. Ou kapab sèlman fè pwomès oswa bay garanti, ki depase lavi nòmal atik/sèvis la. Sizoka materyo yo oswa kalite travay la pa bon, ou pa kapab bay garanti ki depase peryòd lè move kalite a ka parèt.

IV. Konesans Jeneral nan Endistri ak Biznis

Kimoun ki dwe jwenn pèmi?

Se devwa ak obligasyon antreprenè prensipal la pou jwenn tout pèmi, lisans, ak Sètifika Okipasyon oswa eksepsyon espesyal ki nesèsè dapre lwa konstwiksyon leta oswa lokal ki anvigè. Yon antreprenè pa ka pase responsablite a ba kliyan an.

Ki kote yon antreprenè ale pou jwenn yon pèmi pou ajoute pyès oswa pou fè chanjman nan yon kay?

Yon antreprenè ap jwenn tout pèmi ki nesèsè yo nan Depatman Konstwiksyon Vil New York [New York City Department of Buildings (DOB)]. Yon antreprenè dwe asire nenpòt pyès l ap ajoute oswa nenpòt chanjman l ap fè satisfè prensip kòd konstwiksyon epi yo pa vyole lwa lokal yo sou dekoupaj an zòn. Finalman, menmsi yon antreprenè ka pase nan DOB pou resevwa pèmi yo, yon achitèk ki anrejistre oswa yon enjenyè ki diplome dwe depoze nan DOB tout plan chanjman l ap fè nan yon bilding.

Ki diferans ki genyen ant yon soutretan ak yon anplwaye?

Yon soutretan se yon moun ki nan biznis poukont li oswa yon antrepriz ki nan biznis pou kontra avèk tèt li pou fè yon pati nan yon kontra modènizasyon kay avèk yon antreprenè prensipal. Yon anplwaye travay pou salè epi li anba sipèvizyon oswa kontwòl dirèk patwon an (antreprenè prensipal la).

Kisa pwofi nè yon djòb ye?

Pwofi nè se pwofi final nenpòt djòb apre depans yo.

Èske yon soutretan dwe gen lisans DCA?

Wi. Yon soutretan, kontrèman ak anplwaye yon antreprenè jeneral, dwe gen yon lisans DCA pou fè travay modènizasyon kay nan Vil New York.

DOB bay lisans pou elektrisyen ak plonbye.

Ki kèk nan obligasyon ou genyen anrapò ak anplwaye yo?

Ou dwe pwoteje anplwaye yo avèk asirans Konpansasyon Travayè ak asirans pou andikap. Ou dwe rapòte salè anplwaye yo ba Internal Revenue Service (IRS), epitou ou dwe fè dediksyon taks. Answit, ou dwe konfòme ou avèk lwa federal sou imigrasyon, ki egzije patwon yo pou asire anplwaye yo gen otorizasyon legal pou yo travay nan Etazini.

Èske yon antreprenè kapab chwazi pou jwenn yon kosyon oswa patisipe nan Fon Twòs (Trust Fund) DCA pou Modènizasyon Kay?

Wi. Yon antreprenè kapab swa jwenn yon kosyon oswa kotize nan Fon Twòs (Trust Fund) DCA pou Modènizasyon Kay chak dezan.

Kisa ki nesèsè pou pentire deyò yon kay ki gen plis pase yon etaj?

Ou ka bezwen yon estrad ki pann ak yon pèmi enstalasyon platfòm nan DOB pou pentire deyò yon kay ki gen yon etaj oswa plis, sof si ou kapab itilize yon nechèl pou fè djòb la. Ou dwe kontakte DOB pou jwenn plis enfòmasyon anvan ou kòmanse travay sa a.

Kimoun ki gen responsablite pou jwenn yon Sètifika Okipasyon Modifye?

Si yon Sètifika Okipasyon modifye nesèsè, se antreprenè ki gen responsablite pou jwenn li pou kliyan an. Yon achitèk anrejistre oswa yon enjenyè pwofesyonèl dwe depoze vrè Sètifika Okipasyon modifye a nan DOB.

Èske li nesèsè pou yon antreprenè modènizasyon kay anboche yon elektrisyen ki gen lisans pou fè sèten kalite travay?

Ou dwe itilize sèvis yon elektrisyen ki gen lisans pou enstale nenpòt bagay ki gen pou fèt avèk limyè, chofaj, ak enèji, kèlkeswa vòltaj la.

Kijan yon antreprenè dwe jere taks sou lavant yo?

Antreprenè yo dwe touche taks sou lavant pou reparasyon nan men kliyan an epi yo dwe peye taks yo.

Ki kalite travay ki kalifye kòm yon modènizasyon enstalasyon?

Ajoute yon twalèt nan yon kay se yon egzant modènizasyon enstalasyon.

Reparasyon tankou repare ankadreman yon fenèt oswa pentire salon pa kalifye kòm modènizasyon enstalasyon.

Lè yon antreprenè ap fè yon agrandisman nan yon kay, ki premye bagay li ta dwe fè anvan li kòmanse travay la?

Premye bagay yon antreprenè ta dwe fè anvan li kòmanse travay nan yon kay se konsilte avèk yon achitèk oswa yon enjenyè ki gen lisans—pa DOB—pou detèmine si pwopriyetè kay la kapab fè agrandisman an, epiou si li toujou konfòme li avèk lwa ki anvigè konsènan dekoupaj an zòn.

Ki kote yon antreprenè ale pou jwenn yon pèmi pou yon gwo-gwo poubèl li mete nan lari a?

Yon antreprenè ta dwe kontakte Depatman Transpò [Department of Transportation (DOT)] pou yon pèmi pou gwo-gwo poubèl.

Èske yon antreprenè modènizasyon kay bezwen yon pèmi pou fè travay sou twotwa a?

Wi. Li bezwen yon pèmi na DOT pou fè travay sou twotwa a. Rele 311 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/dot.

Kisa yon antreprenè ta dwe fè pou trennen oswa pou pote dechè ki soti nan travay modènizasyon kay?

Si ou gen plan pou trennen oswa pote dechè ki soti nan operasyon biznis ou, ou dwe jwenn yon Anrejistremant Kamyon Pwa-Lou Pèsonèl Klas En nan Komisyon Onètete Biznis Vil New York (New York City Business Integrity Commission). Pou jwenn yon aplikasyon ak plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/bic.